E CONF SERIES
International Conference on Medical Science, Medicine and Public Health
Hosted online from Jakarta, Indonesia
Website: econfseries.com 30th March, 2025

# X-XI KLASLARDA QARAQALPAQ ÁDEBIYATIN OQITIWDA INTERAKTIV TEXNOLOGIYALARDI QOLLANIW USÍLLARÍ

Islambek Yusupov
Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq ádebiyatı tariyxı
mámleketlik muzeyiniń jetekshi qánigesi

**Ключевые слова:** образ, метод, жанры, язык, обучение, процесс урока, произведение.

**Key words:** character, method, writing, genres, language, training, the process of the lessons.

10-klasta XIX qaraqalpaq poeziyasın oqıtıwda Kúnxojanıń «El menen» qosıǵın, Ájiniyazdıń "Bozataw" poemasın, Berdaqtıń "Shejire" hám "Ernazar biy" shıǵarmaların oqıtıwda hárbir ádebiyatshı muǵallim dóretiwshilik penen qatnas jasap metodikalıq jaqtan ózgerisler kirgiziwi múmkin. Solay etip, qaraqalpaq ádebiyatı baǵdarlaması tiykarında Kúnxojanıń «El menen» qosıǵın, Ájiniyazdıń "Bozataw"poemasın, Berdaqtıń "Shejire" hám "Ernazar biy" shıǵarmalarına arnalǵan sabaqlarǵa pedagogikalıq texnologiyalar engiziw arqalı onıń sapasın arttırıw hám nátiyjeligin ele de asırıw arqalı jaslardıń estetikalıq tárbiyasın bayıtıp, rawajlandırıp barıwǵa óziniń unamlı tásirin jasaydı.

Kúnxojanıń «El menen» qosıǵın, Ájiniyazdıń "Bozataw"poemasın, Berdaqtıń "Shejire" hám "Ernazar biy" shıǵarmaların oqıtıwda sabaq túrlerinen paydalanıw oqıtıwshınıń pedagogikalıq sheberliginen hám izleniwshiliginen kelip shıǵadı. Demek, sabaq túrlerinen durıs paydalanıw arqalı oqıwshılardıń kórkem shıǵarmalarǵa bolǵan qızıǵıwshılıǵı arttırılıp barıladı. Bul dóretpelerdi úyreniw arqalı oqıwshılar ádebiy bilim, ádep-ikramlılıq hám estetikalıq tárbiyaǵa iye boladı. Oqıwshılardıń oy-órisin ósiriwde, olardıń jazba hám awızsha sóz baylıǵın, sawatlılıǵın rawajlandırıwda bul dóretpelediń wazıypaları úlken.

10-klasta Kúnxojanıń «El menen» qosıǵın, Ájiniyazdıń "Bozataw"poemasın, Berdaqtıń "Shejire" hám "Ernazar biy" shıǵarmaların oqıtıwda interaktiv texnologiyalar keńnen qollanıladı. Interaktiv texnologiyalardı qollanıw sabaqtıń nátiyjeliligin hám tásirsheńligin arttıradı. Bul texnologiyalardı qollanıwdıń tiykarǵı

maqseti tek bilim beriw emes, oqıwshılardıń ózinshe oqıw, izleniw sorawǵa juwap tabıw, qarar qabıl qılıw, sın pikirlew kónlikpesin qáliplestiriwden ibarat. Sabaq ótiwdiń oqıwshılar háreketsheńligin asırıwshı interaktiv texnologiyalar ayırım ilimiy pedagogikalıq ádebiyatlarda dástúriy emes texnologiyalar dep te ataladı. Házirgi waqıtta dúnya júzinde interaktiv texnologiyalardı qollanıw arqalı sabaq ótiwdiń nátiyjeli metodı sıpatında tán alınıp, keń qollanılmaqta.

10-klasta Kúnxojanıń «El menen» qosıǵın, Ájiniyazdıń "Bozataw" poemasın, Berdaqtıń "Shejire" hám "Ernazar biy" shıǵarmaların oqıtıwda interaktiv texnologiyanıń biri «Múyeshler» texnologiyasınan paydalansaq boladı. Bul texnologiya ótilgen temalar boyınsha oqıwshılarda hárqıylı pikirlerdi payda etiwshi usıllardıń biri bolıp, kóbinese sabaq ótip bolǵannan keyin yaki ótiw barısında qollanıladı. Sabaq barısında «Múyeshler» texnologiyasında oqıwshılar toparlarǵa bólinip, sol ózleri tańlaǵan temada diskussiya shólkemlestiriwi múmkin. Máselen, tapsırmalardı oqıwshılarǵa tómendegishe bólip bersek boladı:

1. Kúnxojanıń «El menen» qosıǵın tallaw;
2. Ájiniyazdıń "Bozataw"poemasın tallaw;
3. Berdaqtıń "Shejire" shıǵrmasın tallaw;
4. Berdaqtıń "Ernazar biy" poemasın tallaw;

Pán muǵallimi bul texnologiyanıń qollanıw usılın túsindirip bolǵannan soń joqarıdaǵı berilgen temalardan hárbir topar ózlerine unaǵan temasın tańlap alıp, sol tańlaǵan teması boyınsha toparǵa bólinedi hám tómendegi tártipte dawam etedi:

- Oqıwshılar usı berilgen temalar ústinde oylanıp, bir sheshimge keliwi tiyis. Olar óz pikirlerin ilimiy miynetlerge tayanǵan halda bayanlap hárqıylı kózqaraslardı bildiredi. Oqıwshılarǵa 5-7 minut waqıt berip, olardan óz pikirin bayanlawshı kishkene shıǵarma jazıwdı tapsırsa boladı;
- Jazıp bolǵannan keyin qarama-qarsı pikirge iye bolǵanlar hárqıylı múyeshlerge bólistirilip, pikirge qosılmaytuǵınlar ortada turadı; Topardıń aǵzaları 5 minut ishinde óz ara pikir alısıp, eń jaqsi pikirlerdi tańlap aladı. Bunnan tısqarı topar pikirin bildiriwge bir yamasa eki dilwardı sóyletiw kerek;
- Toparlar gezekpe-gezek óz pikirin bildiredi, bunda olar isenimli faktlerdi keltirip ótiwi tiyis. Bunday pikirlesiwdiń dáslepki basqıshın islegennen soń pikir alısıwǵa topardıń basqa aǵzaları da qosılıwı múmkin;

- Múmkin ayırım pikir bildirgen qatnasıwshılar aldıńǵı shıǵıp sóylewden soń óz pikirin ózgertken shıǵar. Bunday jaǵdayda olar qálegen waqıtta toparın ózgertiwi, basqa pikirles toparǵa barıp qosılıwı múmkin. Muǵallim bunday kóshiwlerdi qollap-quwatlawı kerek.

Muǵallim Kúnxojanıń «El menen» qosıǵın, Ájiniyazdıń "Bozataw" poemasın, Berdaqtıń "Shejire" hám "Ernazar biy" shıǵarmaların oqıtıwda interaktiv texnologiyalardı qollanǵanda, oqıwshılardıń alǵan ádebiy bilim hám kónlikpelerin tezden anıqlap alıw menen birge, olardıń sanasına jetkerip berilgen quramalı informaciyalardı sintezlew hám ulıwmalastırıw arqalı qabıl etken túsinik hám oy-pikirlerin basqaǵa bildirip, onı erkin dárejede qorǵay alıw uqıplılıǵın arttırıwǵa, sonday-aq dóretiwshilik oylaw qábiletin jetilistiriwge belgili dárejede múmkinshilik jaratıp bere aladı. Degen menen, bunı ámelge asırıw ushın qaraqalpaq ádebiyatı muǵalliminen tereń metodikalıq bilimdi, kúshli sezimtallıqtı hám úlken pedagogikalıq sheberlikti talap etedi.

X-XI klass ádebiyat sabaqlarında "PSMJ" texnologiyası keńnen qollanıp, oqıwshılardıń pikirlew qábiletin rawajlandıradı. Bul texnologiyanıń maqseti oqıwshılardı óz pikirlerin qorǵawǵa, erkin pikirlewge, óz pikiri menen basqalardı isendiriwge, sın pikirlewge, iyelegen bilimlerin talıqlawǵa, olardı qay dárejede iyelegenin bahalawǵa hám oqıwshılardı sóylew mádeniyatına úyretedi. Bul texnologiyanı paydalanǵanda oqıwshılar dápterine yamasa aq qaǵazǵa óz pikirlerin anıq hám qısqa bayan etip, tastıyıqlawshı dálliler yamasa biykar etiwshi pikirleri menen ámelge asıradı. P – bul pikirdi bildiriw; S – bul pikirdi bayanlawǵa sebep kórsetiń; M – kórsetilgen sebepti túsindiretuǵın mısallar keltiriń; J – pikirińizdi juwmaqlastırıń. Ádebiyat páni boyınsha bir tema tiykarında sorawlar qoyıladı. Oqıwshılarǵa PSMJ texnologiyasınıń mánisi hám olardıń wazıypası túsindiriledi. Tapsırmanı orınlaw ushın 15-20 minut waqıt beriledi. Tapsırmanı hárbir oqıwshınıń ózi orınlawı talap etiledi. Oqıwshılar iskerligi baqlanadı, olardıń sorawlarǵa juwap beriwi anıqlanadı. Baqlaw dáwirinde durıs qarar hám pikir jazǵan oqıwshılardıń atları aytılmaydı. Oqıwshılardan juwaplar jıynap alınadı, durıs juwap bergen oqıwshlardıń pikirlerin oqıydı, soraw boyınsha tolıq maǵlıwmat beredi. Ádebiyat sabaqlarında bul texnologiya kóp qollanılıp, sabaqtıń formasın ózgertiwge tiykar

saladı. Sonlıqtan bul texnologiyanı ádebiyat sabaqlarında qollanıwı arqalı pikirlesiw sabaǵın payda etedi.

Kúnxojanıń «El menen» qosıǵın, Ájiniyazdıń "Bozataw"poemasın, Berdaqtıń "Shejire" hám "Ernazar biy" shıǵarmaların oqıtıwda PSMJ texnologiyasın nátiyjeli qollansa boladı. Bul texnologiyanıń maqseti oqıwshılardıń óz pikirin bayanlaw, sebebin kórsetiw, mısallar keltiriw, ulıwma juwmaq beriw sıyaqlı máselelerdi tereńnen úyretiw bolıp tabıladı. Texnologiyanıń shártlerine tiykarlanıp tapsırmanı 10 minut waqıt ishinde orınlaw kerekligi oqıwshılarǵa túsindiriledi. Topar aǵzaları óz pikirlerin qaǵazǵa túsiredi. Hár basqısh boyınsha jazılǵan maǵlıwmatlardı bólek-bólek oqıp esittiredi. Solardan topar aǵzalarınıń biri tómendegishe juwap beredi:

P - (pikir): Ájiniyazdıń "Bozataw"poemasına pikirler keltiriń.

S - (sebep): Berilgen shıǵarmalardan sebep keltiriń.

M - (mısal): Berilgen shıǵarmalardan mısallar keltiriń.

J - (Juwmaq): Berilgen shıǵarmalardıń tárbiyalıq áhmiyetine juwmaq jasaw.

Kúnxojanıń lirikası, Ájiniyazdıń lirikası, Berdaq shayır, Ótesh, S.Májitov, I.Yusupovlardıń poeziyasın oqıtıwda «Eki bólimli kúndelik» texnologiyasınan paydalnıw kerek. Sabaq sońında 10-15 minut dawamında oqıwshılardan ótilgen ádebiy materiallar boyınsha ózleriniń pikirlerin jazıw talap etiledi. Bul texnologiya olarda informaciyalıq qásiyetlerdi rawajlandıradı. Bul texnologiyanı qollanıw boyınsha metodikalıq kórsetpeler: Birinshiden, dápter beti ekige bólinedi. Ekinshiden, ózine anaǵurlım dárejede tásir etken, unaǵan yaki belgili bir dárejede soraw tuwdırǵan pikirlerdi, oqıtıwshınıń ideyaların dápterdiń shep tárepine jazadı. Úshinshiden, dápterdiń oń tárepine berilgen pikirlerge óziniń túsindirmelerin jazadı. Tórtinshiden, tekstti oqıp kórip, dápterge ózleriniń kóz-qarasların jazadı. Besinshiden, jumıstıń sońında hárbiri ózleriniń pikirleri menen basqa oqıwshını tanıstırıwǵa haqılı, olardaǵı ózlerine unaǵan ideyalardı atap kórsetiwine boladı.

Bulardan basqa «BBB», «Shıǵıs kartası», «Kategoriyalıq jaqtan sholıw» usaǵan interaktiv texnologiyalar bar. Interaktiv texnologiyalar járdeminde hárbir oqıwshı óziniń pikirin sın kóz qarastan aytıwǵa hám tiyisli maǵlıwmatlar menen tapsırmalardı tallaw tiykarında quramalı máselelerdi sheshiwge, qáte pikirlerdi salıstırıwǵa, tereń oylap kórilgen sheshimlerdi qabıl etiwge, oylap atırǵan tema

boyınsha tartıslarda qatnasıwǵa hám óz dosları menen mádeniyatlı túrde doslıq qarım-qatnasta bolıwǵa úyrenedi.

Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw barısında awızeki oqıtıw metodları tómendegi túrlerge bólinedi: áńgime, gúrrıń, túsindiriw, sabaqlıq hám kitap penen islew, lekciya. Qaraqalpaq ádebiyatın qısqa, obrazlı, janlı hám tásirli bayan etiwge áńgime metodı járdem etedı. Ol áńgime-kirisiw, áńgime-bayan etiw hám áńgime-juwmaqlaw túrlerinde qollanıladı. Áńgime metodı menen qaraqalpaq ádebiyatı materialların bayan etkende oqıwshılar tek tıńlawshı bolıp qalmawı kerek. Bunıń ushın muǵallim áńgimeni mashqalalı xarakterde bayan etip, pikir talasın shólkemlestirip, sorawlar berip, oqıwshılardıń dıqqatın kerekli másele átirapına toplap, kórsetpeli, texnikalıq qurallardan paydalanıp oqıtıw procesin jedellestiriwi kerek. Áńgimeniń nátiyjesi kóp tárepten muǵallimniń dilwarlıǵı, sóziniń túsinikli, tásirli, anıq hám mazmunlı bolıwına baylanıslı.

Qaraqalpaq ádebiyatı páni boyınsha texnologiya túrlerin durıs qollanıw ádebiyatshı muǵallimnen metodikalıq sheberlik talap etedi. Hárbir texnologiyanıń mazmunın, qollanıw principlerin hám usılların durıs túsinip alıw kerek. Sol sıyaqlı mektep, akademiyalıq licey hám joqarı oqıw orınlarında ádebiyat sabaqlarında «BBB» texnologiyası kóp qollanıladı. Bul texnologiya oqıwshılardıń ótilgen tema boyınsha bilim dárejelerin bahalaw imkaniyatların beredi. Onı qollanıwda oqıwshılar topar, jámáát bolıp islesiwi múmkin. Sabaq juwmaǵında topar menen islewdiń nátiyjeleri, olar tárepinen orınlanǵan jumıslar tallanadı.

## ÁDEBIYATLAR

1. Yusupov K.A. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası. Sabaqlıq. Tashkent: Sano-standart, 2018. – 21 б.т. – 336 б.
2. Юсупов К.А. Академиялык лицейлерде қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы. Монография. – Нөкис: Qaraqalpaqstan, 2019. – 7 б.т. – 112 б.
3. Yusupov K.A. Kórkem shıǵarmalardıń mazmunıń úyreniw metodikası. Oqıw qollanba. – Tashkent: Yosh avlod matbaa, 2021. – 23,75 б.т. – 380 б.
4. Юсупов К.А. Qánigelik hám pedagogikalıq ámeliyat. Oqıw qollanba.– Nókis: Ilimpaz, 2021. – 3.75 б.т. – 60 б.

5. Yusupov K.A. Arnawlı pánlerdi oqıtıw metodikası. sabaqlıq. – Tashkent: INNOVATSIYA-ZIYO, 2022. – 19 б.т. – 304 б.
6. Yusupov K.A. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw texnologiyaları. Oqıw qollanba. – Tashkent: INNOVATSIYA-ZIYO, 2022. – 9.3 б.т. – 144 б.
7. Yusupov K.A. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwda ádebiy materiallardı tallaw metodikası. Monografiya. – Tashkent: METODIST NASHRIYOTI, 2023. –120 b
8. Yusupov K.A., Yusupov I.K. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwda innovaciyalıq-pedagogikalıq texnologiyalar. Oqıw qollanba. – Tashkent: METODIST NASHRIYOTI, 2023. – 148 b
9. Yusupov K.A. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıwdıń ilimiy metodikalıq tiykarları. Monografiya. – Tashkent: NIF MSH, 2024. –154 b. UDK: 82 KBK: 83 Yu 91. ISBN: 978-9910-793-05-9.
10. Yusupov K.A. Jazıwshılardıń ómiri hám dóretiwshilgin úyreniw metodikası. Oqıw qollanba. – Tashkent: ILIM NUR, 2024. – 14 б.т. – 220 б.
11. Yusupov K.A. Kórkem shıǵarmalardıń tallawdıń ilimiy metodikalıq tiykarları. Monografiya. – Tashkent: INNOVATSIYA-ZIYO, 2025. –148 b. UDK: 37.013 KBK: 74.0 K 87. ISBN: 978-9910-707-37-7.